


# **Kijan pou w Fè Fas a yon Degèpisman (eviksyon) Pandan e Apre COVID-19**



**Legal Services of Greater Miami, Inc.**

**Pwojè sou Dwa Lokatè**

## **KONSIDERASYON ESPESYAL AKOZ COVID-19**

### **TRIBUNAL YO FÈMEN TANPORÈMAN**

Tribinal rete fèmen jeneralman a piblik la. Men sepandan, piblik la otorize antre nan tribinal la pou depoze pwose annijans, depoze lajan lwaye, oswa pou depoze yon repons oubyen pou yon reklamasyon pou ekzanpsyon. Ou dwe pote yon mask lè ou prale nan tribinal la. Si gen yon odyans nan ka ou a, se siman sou zoom l ap fèt oswa pa telefòn. Men sepandan, ou ta dwe fè swivi ak pèsònèl tribinal la pou plis detay konsènan ka ou a an patikilye.

### **MORATORYÒM DEGÈPISMAN SANT POU KONTWÒL MALADI (CDC) A EKSPIRE KOUNYE A**

Moratoryòm Eviksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te emèt la ekSPIRE kounye a, e pa gen ankenn moratoryòm an plas pou pwoteje lokatè Florid yo kont degèpisman. Moratoryòm CDC a pran fen apre ke LaKou Siprèm peyi Etazini mete pye sou moratoryòm nan nan dat ki te 27 out, 2021. Se premye fwa depi mas 2020 ke pa gen moratoryòm an plas pou pwoteje lokatè Florid yo kont degèpisman.

### **ÒDONANS KONTE A:**

Lokatè ki rete nan yon **pwopriyete ki pou Konte Miami-Dade** (tankou **Lojman Piblik Miami Dade**), gen pwoteksyon yon Òdonans Konte a ki sispann degèpisman pandan yon eta dijans.

Anba òdonas sa, mèt kay la pa kapab pran “ankenn aksyon pou fasilite degèpisman rezidan yo.” Sa vle di ke mèt kay la pa kapab fè anyen nan pwosesis degèpisman, tankou depoze pwose degèpisman nan tribinal, si ou abite nan lojman piblik oswa nan kay ki pou konte a.

### **OU DWE KANMÈM PEYE LAYAN LWAYE YO**

Menm si ou te gen pwoteksyon moratoryòm yo, ou toujou gen dèt tout lajan lwaye a. Moratoryòm yo pa anile ankenn nan dèt ou te genyen anvan mèt kay la.

## **KISA YON “DEGÈPISMAN” YE?**

Yon degèpisman (eviksyon) se yon pwose kote mèt kay la mande yon tribinal pou l mete w deyò lakay ou. Anvan pou li depoze yon pwose pou degèpisman, mèt kay la dwe ba w yon notis a lekri. Si ou pa respekte notis la, mèt kay la kapab depoze yon pwose degèpisman nan Tribinal Konte a.

**NÒT: Mèt kay ou a pa kapab chanje seri, koupe kouran, elektrisite, gaz, pou fòse w demenaje.** Anba lwa Florida, "pratik sa yo entèdi". Yo kapab ekzije yon mèt kay peye twa fwa valè lwaye a, oswa

andomajman aktyèl, ansanm ak frè avoka. *Tcheke panflè sou sit entènèt Legal Services la: “Kisa pou w fè si Mèt Kay ou a Chanje seri sou wou epi Koupe Kouran, Di ouk Gaz ou pou Mete w Deyò”*

## **REZON KI FÈ YO KAPAB DEGÈPI W**

**NÒT:** Si w abite nan kèk tip lojman a pri abòdab (tankou lojman piblik oswa lojman ki gen sibvansyon), se lòt règleman ak lwa ki aplike. Oud we pale ak yon avoka nan Legal Services.

### **1. Si ou pa Peye Lwaye (selon règleman nòmal yo)**

Anvan li depoze yon pwose degèpisman nan tribinal la, mèt kay la dwe ba w yon **Notis 3 Jou**. Notis 3 Jou a dwe:

- Endike kantite ajan lwaye ou dwe; epi
- Mande w pou w peye lwaye a oswa pou w demenaje nan 3 jou; epi
- Endike klèman dat ou dwe peye a oswa dat ou dwe demenaje.

Twa jou yo pa ka konte ni samdi ni dimanch ni jou ferye ke leta rekonèt. Pa egzanp si ou resevwa l yon jedi, vandredi se ap premye jou, lendi dezyèm jou epi madi twazyèm jou, jou sa a ou dwe peye lwaye a

Notis twa jou a sèlman ap ka mande pou lajan lwaye. Yo pa ka mande frè pou reta, ni reparasyon ni lòt chaj. Rasire w ke ou byen li kontra ou. Si kontra a di ke frè pou reta yo konte enben nan ka sa pwopriyetè a ka mete yo nan notis twa jou a.

Kou avi twa jou a bout, pwopriyetè a gen dwa ranpli yon plent degèpisman nan tribinal. Si notis twa jou yo mal fèt oswa li gen erè, pwopriyetè a ap gen opòtinite ranje sa avan jij la ranvwaye degèpisman an. Menm lè sa ou dwe avèti jij la ke papyè notis la mal fèt.

### **2. Vyolasyon Kontra Lwaye oswa Vyolasyon Règ ak Règleman yo**

Pwopriyetè a ka depoze yon pwose degèpisman tou kont ou paske ou pa respekte kontra, paske ou pa respekte règ li, oswa ou fè kèk bagay ki ka menase sante, sekirite ak byenèt lòt lokatè.

Dapre lwa Florid, pwopriyetè a dwe ba ou omwens notis 7 jou kote li ekri pwoblèm lan. Si pwoblèm la ka rezoud, pwopriyetè a dwe ba ou **notis Sèt jou pou rezoud li**. Rezon ki fè yap ba w notis sa se pou ou ka sispann fè sa pwopriyetè a di wap fè ki se yon vyolasyon. Pa egzanp, si pwopriyetè a voye yon notis pou li di ke kamyon ou ki nan pakin nan se yon vyolasyon kont règleman nan kontra a. Si ou deplase kamyon an, ou rezoud pwoblèm nan kidonk pwopriyetè a pap ka depoze pwose degèpisman. Men si ou remete kamyon an ankò nan pwochen 12 mwa yo li ap ka depoze pwose degèpisman an.

Si pwoblèm lan pa ka rezoud pwopriyete a kapab ba ou **7 jou pou ou fini lwaye ou a**. Pa egzanp si ou andomaje kay la anpil, pwopriyete a kapab ba w preyavi pou mande w pou w demenaje nan sèt jou. Si w pa respektè preyavi a, mèt kay la kapab depoze yon pwose degèpisman kont ou.

### **3. Fen oswa Ekspirasyon Akò/ kontra lwaye ou**

Yo ka mete ou deyò paske kontra ou ak pwopriyete a bout.

Si w pa gen gen yon kontra ekri, mèt kay la kapab sispann antant lwaye a pou nenpòt ki rezon (sof pou kèk rezon diskriminasyon oswa reprezay). Pou sispann antant lwaye a, mèt kay la dwe ba w yon preyavi a lekri pou mande w pou demenaje nan yon delè done.

- Si w peye lwaye chak mwa eke ou abite nan Konte Miami-Dade ou dwe jwenn notis a lekri omwen 30 jou anvan pou w demenaje. Sa vle di mèt kay la dwe ba w notis omwen trant jou anvan dat echeyans pwochen lwaye ou.
- Si w peye lwaye chak mwa eke ou se yon rezidan Florida k ap viv abdeyò Konte Miami-Dade County, mèt kay ou a kapab sispann akò lwaye a ak yon notis 15 jou.
- Si w peye lwaye chak semèn, kidonk mèt kay la dwe ba w yon notis a lekri pou w demenaje omwen sèt jou anvan dat echeyans pwochen lwaye ou.

Si ou ap souffri ak COVID-19 oswa kondisyon sante ou mete w nan kategori moun a gwo risk pou COVID-19 ou kapab vle mande mèt kay ou pou yon Akomodasyon Rezonab :

- Fè yon Rekèt pou yon Akomodasyon Rezonab nan men mèt kay ou a mande li pou plis tan pou w jwenn yon lòt lojman si si ou pa an sekirite pou w kite lakay ou a koz kondisyon sante ou.
- Ou va bezwen jwenn dokimantasyon medikal pou sipòte rekèt sa.
- Nan kèt sitiasyon, si yon mèt kay pa akòde Rekèt Akomodasyon Rezonab la, sa kab pèmèt lokatè a ensinye yon vyolasyon Dekrè Lwa sou Lojman Ekitab ki ekzije pou mèt kay la fè kèk akomodasyon akòz enfimite yon lokatè.

## **KIJAN POU EKRI REpons OU**

1. Nan fen bwochi sa, gen yon modèl Repons. Ekri nimewo ka a ansanm ak non pati yo nan tèt Repons la. Pwopriyete a se 'plaintif' (pleyan) epi ou menm ou se 'Defendant' (Akize a)

2. Li plent degèpisman an epi reponn chak paragaf. Wap reponn pa ekri si ou dakò oswa si ou pa dakò ak sa ki nan chak paragaf la. Si ou pa konnen si pou dakò oswa pa dakò ak yon paragaf ou ka ekri “ ou pa konnen”
3. Ekri defans ou epi eksplike pouki yo pa dwe mete ou deyò (egzanp: Pwopriyetè a ap vanje l paske mwen te rele enspektè pou verifye ke Kondisyon kay la pa bon, mwen deja peye lwaye mwen.)
4. Konstitisyon an ba ou dwa egziye yon pwosè ak moun ou konnen. Ou ka renonse a dwa sa nan kontra lwaye ou. Si ou vle mande yon pwosè avèk Jiri, ou dwe fè li menm lè ou ranpli repons ou a, nan ka kontrè ou ka renonse a dwa ou. Gen avantaj ak desavantaj nan egziye yon pwosè avèk Jiri. Menm lè se dwa ou pou ou egziye yon pwosè avèk jiri, li ka difisil pou ou reprezante tèt ou nan yon pwosè a. Si ou gen kesyon sou si pou ou mande yon pwosè avèk jiri, ou ta dwe pale ak yon avoka.
5. Sinyen repons ou a, mete non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou.
6. Prezante orijinal la nan tribinal la, epi voye yon kopi bay pwopriyetè epi kenbe yon kopi nan achiv ou.

**DEPOZE YON MOSYON POU DETÈMINE LWAYE**  
**OSWA**  
**DEPOZE LAJAN NAN REJIS TRIBINAL**

Ou dwe fè youn nan bagay sila yo lè ou depoze Repons ou a:

1. Peye nan Rejis Tribinal la kantite lajan lwaye mèt kay ou a di ou dwe a;

OSWA

2. Si ou pa dakò ak kantite mèt kay la di ou dwe a, ou kapab depoze yon Mosyon nan Tribinal la pou mande jij la pou li detèmine Konbyen ou dwe.

Epitou ou dwe kontinye depoze lajan lwaye a nan rejis tribinal la chak mwa pandan pwosesis degèpisman an ap dewoule.

**Si ou pa peye lajan lwaye a nan rejis tribinal la oswa ou pa ranpli mosyon pou detèmine lwaye a, ou k ab pèdi ka a otomatikman. Sa vle di yo kab degèpi w lakay ou san ou pa janm menm pale ak yon jij.**

Gen yon modèl yon Mosyon pou Detèmine Lwaye nan fen bwochi sa. Epitou ou kapab itilize sit entènèt sa pou w kreye yon Repons ak Mosyon pou Detèmine Lwaye a: [floridaevictionanswerbuilder.org](http://floridaevictionanswerbuilder.org)

Bagay ou ta ka mete nan mosyon pou detèmine lwaye:

Version: May 5, 2021

- Kantite pwopriyetè a mande a pa kòrèk
- Pwopriyetè a mande yon kòb anplis ki pa lajan lwaye.
- Ou peye lwaye deja.
- Pwopriyetè a pat fè reparasyon kidonk lajan lwaye a ta dwe redwi.
- Mèt kay la refize patisipe nan aplikasyon pou asistans lwaye tankou ERAP e sa konstitiye yon sous diskriminasyon revni.
- Pwopriyetè a koupe dlo oswa kouran, oswa li fèmen w deyò ilegalman.

Kèlkeswa rezon ou, ou dwe mete ladan prèv pouki wap mande tribinal la detèmine Ki kantite lwaye ou dwe peye.

- Si ou gentan peye lwaye a, mete kopi resi yo.
- Si ou panse ke montan lwaye a dwe redwi pou move Kondisyon kay la, ou dwe mete foto prèv. Men sepandan, anpil jij pap konsidere redwi lajan lwaye a jiska ke ou depoze tout lajan an nan rejis tribinal la.

## **KILÈ AK KIBÒ POU DEPOZE REpons OU**

Repons ou dwe ale nan tribinal la senkyèm jou apre plent pou degèpisman te rive lakay ou. Ou pa dwe konte ni samdi ni dimanch oswa jou fèt. Epitou jou li rive a pa konte.

Plent la emèt osito yo remèt ou li men an men oswa ba youn nan moun k ab viv lakay ou oubyen si li poste sou pòt lakay ou.

Si w pa respekte yon delè tribinal oswa ale nan yon odyans, ou kapab pèdi pwose a. Jij la kapab antre yon Jijman Final pou yo Degèpi w. Sa kapab rive menm si moratoryòm eviksyon an ta dwe pwoteje w.

Gen yon Repons ak yon Mosyon pou Detèmine Lwaye nan fen bwochi sa. Epitou ou kapab itilize sit entènèt sa pou w kreye yon Repons ak Mosyon pou Detèmine Lwaye: [floridaevictionanswerbuilder.org](http://floridaevictionanswerbuilder.org)

Ranpli repons ou vle di pou ou ale nan sekretarya tribinal la epi di “mwen vle ranpli yon repons pou degèpisman” Pran 2 kopi repons la (youn pou ou epi youn pou pwopriyetè a) Rasire ou ke yo mete so tribinal la nan tout kopi yo.

Pote repons ou a nan tribinal kote yo te ranpli degèpisman an, abityèlman se nan tribinal ki pi pre lakay ou a. Konvokasyon an ap di w ki kote li te ranpli.

Men yon list tribinal nan Konte Miami-Dade:

Dade County Courthouse (05)  
73 West Flagler Street  
Miami, FL 33130

Coral Gables Branch Court (25)  
3100 Ponce de Leon Boulevard  
Coral Gables, FL 33134

North Dade Justice Center (23)  
15555 Biscayne Boulevard  
Miami, FL 33160

South Dade Justice Center (26)  
10710 SW 211 Street  
Miami, FL 33189

Hialeah Courthouse (21)  
11 East 6 Street  
Hialeah, FL 33010

Miami Beach Court Facility (24)  
1130 Washington Avenue  
Miami Beach, FL 33139

Joseph Caleb Center (20)  
5400 NW 22nd Ave  
Miami, FL 33142

Si ou pa an mezi ale nan yon tribinal, ou ka ranpli sou entènèt:

<https://www.jud11.flcourts.org/coronavirus/ArtMID/2392/ArticleID/3445/COVID-19-Advisory-10Self-Represented-Litigants-Urged-to-Sign-Up-on-Florida-Courts-e-Filing-Portal>

Ou kab gade yon videyo sou kijan pou w depoze aplikasyon an anliy sou sit sa:

<https://www.youtube.com/watch?v=dXAS1qkXaiM&feature=youtu.be>

## **DEFANS**

Ou kab petèt sèvi ak defans sa yo nan Repons ou a. Ekri yo anba “Defans” .Si youn ladan yo aplike pou wou,ou dwe eksplike ke ou genyen ka a gras a youn nan defans sa yo.

- *Pwopriyetè a pat voye yon notis konfòm e legal ki di li ap mete fen a kontra a.* Sa vle di ke notis pwopriyetè a pa respekte kontra lwaye a ni lwa florid (Florida Statute § 83.56) Jij la dwe bay mèt kay la opòtinite pou li refè papye a pou lokatè a pou pwoblèm pèman sèlman.
- *Kòporasyon ki pa reprezante pa yon avoka.* Yon Kòporasyon pa ka reprezante tèt li ni li pa ka parèt nan tribinal san avoka.
- *Pa bon pati a.* Se sèl pwopriyetè a ki ka depoze yon pwose degèpisman.Tcheke dosye pwopriyetè yo pou ou wè kiyès ki mèt kay la.  
[http://www.miamidade.gov/pa/property\\_search.asp](http://www.miamidade.gov/pa/property_search.asp)
- *Manke dokiman.* Pwopriyetè a dwe atache sèten dokiman nan plent lan (egzanp kontra oswa yon 3 jou avi).

- *Pèman.* Si pwopriyetè a aksepte kòb lwaye a apre 3 jou avi a, li dwe swiv règleman espesyal (Dekrè Lwa Florid § 83.56(5)(a)). Men li pa ka aksepte kòb la si li gentan depoze plent.
- *Òf.* Si ou eseye peye tout lajan lwaye a pandan peryòd notis 3 jou a, men pwopriyetè a refize lajan an, ou kapab evoke sa kòm defans.
- *Manke kenbe kay la an bon eta.* Pwopriyetè a refize fè reparasyon ak antretyen nan kay la (egzanp : pa gen dlo cho, twati koule, enfekyon ravèt ,mwazi)
- *Degèpisman pa vanjans.* Pwopriyetè a depoze degèpisman paske ou te revandike dwa ou. Pa egzanp ou te kontakte enspektè sou konfòmite Kondisyon kay la epi mèt kay la depoze pwose a.
- *Kondwit diskriminasyon.* Mèt kay la ap fè diskriminasyon sou ras, koulè, nasyonalite, relijyon, sèks, andikap, vyolans domestik, timoun ki genyen, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, sous revni, oswa kèk lòt klas pwoteje. Si mèt kay ou a refize aksepte fon ERAP apre ke out e fin aplike pou li, sa ta kab konstitiye yon sous diskriminasyon revni.

**Si mèt kay ou a refize pran lajan asistans lwaye a oswa refize patisipe nan pwogram ERAP la, sa te ka konstitiye yon *diskriminasyon kont sous revni* an vyolasyon òdinans konte Miami Dade.**

Espesifikman, Òdonans sou Dwa Sivil ak Dwa Zimen Konte Miami-Dade la (“Òdinans Dwa Zimen”) ke yo rekonèt kòm kòd Chapit 11A nan Lis Kòd Konte Miami-Dade, entèdi yon mèt kay oswa reprezante mèt kay la pou li fè diskriminasyon kont yon lokatè sou baz sous revni lokatè a.

Seksyon 11A-11 ak 11A-12 nan Òdinans sou Dwa Zimen aplike a nenpòt moun, pwopriyetè, enstitisyon finansyè, ajan imobilye oswa nenpòt nan reprezantan yo ki nan komès vann, achte, lwe, finanse, oswa negosye lojman nan Konte Miami-Dade. Chapit 11A, Atik II § 11A-12 (1).

## **KONPANSASYON POU DEDOMAJMAN LAJAN NAN PWOSE DEGÈPISMAN**

Mèt kay dè fwa va ajoute yon dezyèm konpansasyon ke yo rele anangle “Count II” nan pwose degèpisman yo a. Dezyèm konpansasyon sa se pou dedomaje lajan lwaye ak pou peman ki fèt an reta. Sa kapab fè tribinal la mande w pou w peye mèt kay la lajan, menm si ou demenaje eke ou remèt pwopriyetè a kay li.

Yon manda konpansasyon kapab afekte kredi w nan lavni. Mèt kay la kapab chèche poze sele sou chèk travay ou oswa chèche jwenn lòt sanksyon pou eseye kolekte lajan sa. Men kèk defans ou kapab eseye itilize kont sa:

- *Mèt kay la pa fè yo ba w manda a pèsonèlman.* Lwa sou pwopriyetè-lokatè a mande pou yon pwopriyetè sèvi w manda a pèsonèlman pou dedomajman lajan kont ou. Sa vle di si se sou pòt kay la yo poste manda degèpisman an eke yo pa te janm remèt ou li pèsonèlman, mèt kay la pa te dwe an mezi jwenn dedomajman lajan.
- *Mèt kay la pa mande vrè montan an.* Si mèt kay la mande yon montan ki pa kòrèk eke li pa ba w kredi pou dèt lwaye a, nan Repons ou a ou ta dwe souliye kantite lajan mèt kay la mande w an plis.
- *Manke kenbe kay la an bon eta.* Pwopriyetè a refize fè reparasyon ak antretyen nan kay la (egzanp : pa gen dlo cho, twati koule, enfekyon ravèt ,mwazi) Sa te kab pèmèt ou agimante ke ta dwe gen yon rediksyon eke tribinal la p at a dwe ekzije w peye tout lajan lwaye a.

*Balans.* Petèt ke mèt kay la dwe w lajan ki ta dwe ale kòm balans sou lajan lwaye ou dwe. Yon ekzanp ta kapab lajan depo sekirite ou li pa te remèt ou. Montan sa ta dwe soti nan lajan lwaye a ke mèt kay la ap asiye w pou li a.

## **KI SA KI VIN APRE?**

Si ou te depoze mosyon pou detèmine lwaye ou, tribinal la ap swa fikse yon randevou pou yon odyans sou mosyon an swa li ap bay lòd pou egzije w peye lwaye a. Si se yon odyans, prepare ou pou di jij la rezon pouki lwaye a pa kòrèk epi Konbyen ou ta sipoze depoze. Si tribinal la òdone ou pou fè depo, ou dwe fè l, sinon ou ap pèdi ka a otomatikman.

Si ou fè depo yo te mande ou a, ou ka ale nan medyasyon. Se yon reyinyon ak mèt kay la, ou menm ak medyatè a. Pandan tribinal yo fèmen pou piblik la, li ka fèt a distans pa telefòn oswa sou Zoom.

Medyatè a se yon moun san pati pri ki antrene pou li ede pwopriyetè avèk ou rezoud pwoblèm nou. Medyasyon vle di eseye fè kompwomi men pa aksepte pa gen anyen ke ou pap ka fè.

Si ou rive fè yon antant nan medyasyon an, wap siyen yon papye ki rele “Estipilasyon” Jij la dwe siyen li tou. Se yon dokiman legal obligatwa. Li pap fasil pou anile akò sa si ou chanje avi. Li enpòtan anpil pou ou konprann anvan ou siyen.

Si mèt kay la avè w pa ka antann nou nan medyasyon an, dèfw a ou ka ale dirèkteman nan odyans final oswa pwosè. Jiskaske tribinal yo louvè pou piblik tout pwosè ap fè a distans sou Zoom (pa entènèt).

Nan pwosè a mèt kay la ap kòmanse, lap prezante ka li a. Ou ka poze li menm ak temwen li kesyon. Sa rele ezaminasyon. Kou pwopriyetè a fini, ou ap prezante ka pa ou a . Ou ka gen temwen pou temwaye epi montre dokiman ak prèv ke ou genyen. Pwopriyetè oswa avoka li ka poze ou kesyon ak tout temwen ou a.

Aprè jij la finn koute epi gade tout prèv, li ap pran yon desizyon li. Si jij la ba ou rezon, pap gen degèpisman, ou ap ka rete nan kay la. Sepandan dèfwà jij la konn bay kondisyon. Rasire ou ke ou konprann desizyon jij la anvan ou deplase.

Dèfwà jij la eseye fè de pati yo pran yon antant. Pa egzannp jij la ka mande pwopriyetè a pou li aksepte ranvwaye ka si ou soti nan yon dat pou evite yon jijman final.

Si ou pèdi odyans la oswa ou pat reponn pwosè a nan kòmansman, tribinal la ap pran desizyon final pou degèpisman.

Si pwopriyetè a te asiye w pou lajan lwaye ou pa te peye, jij la ka rantre nan jijman kont ou pou deklare ke ou dwe mèt kay la lajan. Epitou jij la Ji ka fè ou peye frè ak onorè tribinal ak frè avoka pwopriyetè a

Pou fè apèl kont desizyon sa a ou dwe depoze yon avi apèl nan 30 jou. Yon apèl pap ampeche yo mete ou deyò amwens ke jij la ba ou chans pou rete tann. Abityèlman ou dwe gen lajan lwaye a pou ou ka rete pandan apèl la.

## **MANDA POSESYON**

Aprè ke jij la antre Jijman Final Degèpisman an, tribinal la ap mande cherif la pou li mete ou menm ak tout fanmi ak tout sa ou posede deyò.

Avi ke cherif la ap mete sou pòt kay ou a rete “writ of possession” (manda Posesyon) Li ba ou 24 èd tan pou w demenaje.

Si ou pa soti anvan cherif la tounen, mèt kay la oswa ajan mèt kay la ap retire tout afè ou epi mete yo deyò. Pwopriyetè a ap chanje seri yo tou devan cherif la. Yo ka fè sa menm si ou pa nan kay la oswa ou gen timoun ou oswa ou malad.

Nan Konte Miami Dade, cherif la abityèlman tounen plizyè jou aprè li finn mete avi a sou pòt ou - li pa vini jou aprè a. Men ou pa ka konte sou jou anplis.

**Biwo Cherif la prezantman ap ekzekite Manda Posesyon yo.** Aktyèlman la, Konte a ap vane ak pwosesis degèpi lokatè nan fen pwosesis tribinal la. Konte a kapab revize ka a pou wè si mèt kay la ap aksepte asistans lwaye pou rezoud ka a. Men sepandan se pa yon garanti. Si yo poste yon Manda sou pòt kay ou , ou pap gen anpil tan pou w soti kay la.

## **KÒMAN POU MWEN TCHEKE ESTATI KA A ?**

Ou ka tcheke estati ka degèpisman an sou entènèt, gade nan "dosye a."

Pou tcheke ka a sou entènèt:

- Ale sou <https://www2.miami-dadeclerk.com/ocs/>
- Klike sou "*Standard Case Search*." (Rechèch estanda ka)
- Klike sou bouton ki make "*Local Case Number a*" (nimewo ka local)
- Rantre nimewo ka a. Epitou ou pral gen pou w antre kòd la nan imaj la.
- Klike sou chèche apre klike sou "Dosye" **pou ou ka gen dènye mizajou degèpisman ou a**

### **FÒMILÈ REPONS LA**

W ap wè yon Repons ou kapab itilize pou w Repons ou o uke oud we depoze nan tribinal la.

Ou ta sipoze ekri tout rezon ki fè ou kwè ke yo pa ta dwe degèpi w. Si gen youn nan defans oswa agiman ki nan mosyon pou detèmine lwaye a aplike pou wou - ou ta dwe tcheke kaz ki aplike yo.

NAN TRIBINAL KONTE A AK POU KONTE MIAMI-DADE, FLORID

NIMEWO KA.:  
DIVISION CIVIL

\_\_\_\_\_  
Pleyan (s),

vs. (kont)

\_\_\_\_\_  
Akize(s).

\_\_\_\_\_/

**REPONS POU DEGÈPISMAN  
DEFANS AK MOSYON POU DETÈMINE LWAYE**

**REPONS**

1. Mwen ADMÈT paragraf \_\_\_\_\_ nan Plent Pleyan an pou Degèpisman
2. Mwen REJTE paragraf \_\_\_\_\_ nan Plent Pleyan an pou Degèpisman
3. Mwen pa gen enfòmasyon sou paragraf \_\_\_\_\_ nan Plent Pleyan an pou Degèpisman
4. Mwen vle rekipere frè ak honorè avoka mwen an anba Fla. Stat. 83.48 and 83.59 si mwen genyen.

**DEFANS**

☐ Odonans sou Dwa Sivil ak Dwa Zimen Konte Miami-Dade la (“Òdinans Dwa Zimen”) ke yo rekonèt kòm kòd Chapit 11A nan Lis Kòd Konte Miami-Dade, entèdi yon mèt kay oswa reprezante mèt kay la pou li fè diskriminasyon kont yon lokatè sou baz sous revni lokatè a.

Seksyon 11A-11 ak 11A-12 nan Òdinans sou Dwa Zimen aplike a nenpòt moun, pwopriyetè, enstitisyon finansyè, ajan imobilye oswa nenpòt nan reprezantan yo ki nan komès vann, achte, lwe, finance, oswa negosye lojman nan Konte Miami-Dade. Chapit 11A, Atik II § 11A-12 (1).

Mèt kay mwen an vyole òdinans sa paske li refize aksepte fon nan Pwogram Asistans Lwaye Anljans (ERAP) epi/oswa li refize patisipe epi kowopere ak pwogram nan. Sa se yon diskriminasyon kont sous revni ki pa legal.

- ☐ Mèt kay mwen an renonse a dwa li pou li degèpi m pou lwaye m pa peye paske yo aksepte peman nan Pwogram Asistans Lwaye pou Ijans. (ERAP). Pliske mèt kay la aksepte fon sa yo pwose a degèpisman an ta dwe anile akòz ke pwopriyetè a renonse a dwa li pou l degèpi m epi pa gen ankenn ekzijan pou m depoze lajan nan rejis tribinal la.
- ☐ Mèt kay mwen an aksepte fon sa yo ki soti nan Pwogram Asistans Lwaye pou Ijans (ERAP). A travè pwosesis ERAP la mèt kay la dakò pou kanpe degèpisman an pandan y ap tann pou yo touche nan pwogram ERAP la. Pliske mèt kay la aksepte fon sa yo pwosesis degèpisman an ta dwe kanpe jiskaske pwogram ERAP la peye lajan an. Kou yo peye lajan an, yo ta dwe elimine pwosesis degèpisman an.
- ☐ M ap ekzèse dwa mwen. Kidonk, Mèt kay la ap retalye kont mwen e li depoze pwose degèpisman sa an vyolasyon Dekrè Lwa Florid 83.64.

Lèt Defans:

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## MOSYON POU DETÈMINE LWAYE

Ak respè map mande pou tribinal sa detèmine Konbyen lwaye mwen dwe depoze nan rejis tribinal la (kwoche tout sa ki aplike):

- ☐ Mèt kay la refize patisipe nan pwogram ERAP la, e sa konstitiye yon diskriminasyon ilegal kont sous revni (tcheke defans ki make anlè a). Pliske mèt kay la pa resevwa lajan yo dwe li a akòz de movèz konduit pa ta dwe gen obligasyon pou depoze lajan nan tribinal la.
- ☐ Mèt kay mwen an renonse a dwa li pou li degèpi m pou lwaye m pa peye paske yo aksepte peman nan Pwogram Asistans Lwaye pou Ijans. (ERAP). Pliske mèt kay la aksepte fon sa yo pwose a degèpisman an ta dwe anile akòz ke pwopriyete a renonse a dwa li pou l degèpi m epi pa gen ankenn ekzijans pou m depoze lajan nan rejis tribinal la.
- ☐ Mèt kay mwen an aksepte fon sa yo ki soti nan Pwogram Asistans Lwaye pou Ijans (ERAP). A travè pwosesis ERAP la mèt kay la dakò pou kanpe degèpisman an pandan y ap tann pou yo touche nan pwogram ERAP la. Pliske mèt kay la aksepte fon sa yo, pwosesis degèpisman an ta dwe kanpe jiskaske pwogram ERAP la peye lajan an. Kou yo peye lajan an, yo ta dwe elimine pwosesis degèpisman an.
- ☐ Mwen deja peye lwaye mwen. Resi yo atache nan dosye a.
- ☐ Kantite lajan pleyan an ap mande a pa kòrèk paske:  

---

---

---

---

---
- ☐ Gen move Kondisyon nan kay la epi lwaye mwen an ta dwe redwi, mwen atache foto epi eksplike Kondisyon yo pi ba:  

---

---

---

---

---

☐ Lòt:

---

---

---

---

---

**POU REZON SA YO** ak respè map mande pou tribinal la fikse yon odyans pou detèmine Konbyen mwen dwe depoze nan rejis tribinal la ak pou lòt sa tribinal la estime jist.

#### DEFANS KONT DEDOMAJMAN

☐ Mèt kay la te kenbe kay la nan movèz kondisyon, epi mwen pa te pwofite de tout benefis kay la mwen tap lwe a. Kidonk, yo pa ta dwe pèmèt mèt kay la jwenn lajan dedomajman pou lajan lwaye mwen dwe li a.

Espesifikman, move kondisyon kay la bese valè kay la, tankou:

---

---

---

☐ Mèt kay la refize retounen m lajan depozit mwen an, kidonk yo ta dedui li nan lajan lwaye mwen dwe a.

☐ Mèt kay la pa te ban m tout kredi pou lwaye mwen te peye a e kantite lajan mèt kay di mwen dwe a pa kòrèk.

#### MOSYON POU ELIMINE REKÈT POU KONPANSASYON II A POU DEDOMAJMAN

☐ Plent pleyan an (Konpansasyon II pou Dedomajman) te depoze nan pwose degèpisman an. Se poste yo te poste Manda a ak Plent la ba Akize a.

San pèsonalizasyon sèvis la Tribinal pa gen abilitè pou li ofri frè dedomajman nan koze sa a anba *Springbrook Commons, Ltd. v. Brown*, 761 So. 2d 1192 (Fla. 4th DCA 2012). An plis, akize a dwe resevwa manda a pèsònèlman pou tribinal la ta ofri dedomajman bay yon mèt kay selon dekrè lwa Fla. Stat. 83.625 "...Pap gen ankenn jijman pou bay lajan amwens ke akize a te resevwa manda a pèsònèlman ..." Pa gen ankenn eksepsyon k pap fèt nan Konpansasyon II a.

Akize a pa te resevwa manda a pèsònèlman epi Pleyan an pa te mande prèv ke Akize a te resevwa manda a pèsònèlman.

**POU REZON SA YO**, nan tout respè m ap mande Tribinal la pou li pase pye sou pwose pou Konpansasyon II a e pou l anile li pou mank jirisdiksyon pèsònèl ak move sèvis, ansanm ak nenpòt rezon ke Tribinal la twouve jis.

**DEMAND POU PWOSÈ AK JIRI**

- ☐ Mwen ap mande yon pwosè ak jiri
- ☐ Mwen pap mande yon pwosè ak jiri

**SÈTIFIKA SÈVIS**

MWEN SÈTIFYE ke mwen voye yon kopi repons sa, defans ak mosyon pou detèmine lwaye pleyan atravè la pòs nan \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, dat \_\_\_\_ jou \_\_\_\_\_, 2020.

Non Akize a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Telefòn \_\_\_\_\_

Adrès elektwonik (si genyen): \_\_\_\_\_

*SA SE YON EKZANPLÈ YON FÒMILÈ LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI KREYE*